

PLENT, ENVESTIGASYON AK ETA KONTRAKTÈ



Konte Palm Beach
Konsèy Komisè konte a



Konte Palm Beach
Depatman Planifikasyon, Zonaj ak Konstriksyon
Divizyon Règleman Konstwite yo

Investigatè Règleman Kontraktè yo fè verifikasyon sou teren nan chan travay konstriksyon yo epi mennen ankèt sou plent sitwayen yo kont kontraktè konstriksyon yo.

Anplis de sa, yo ede minisipalite yo nan pwoblèm sètifikasyon, epi yo fè verifikasyon chantye pou asire konfòmite ak Lwa Espesyal 67-1876, jan yo amande l.

Yo refere plent kont kontraktè ki gen lisans Leta bay ajans Leta ki apwopriye a.

Depatman Planifikasyon,
Zonaj ak Konstriksyon

Règleman kontraktè

2300 N. Jog Road, Suite 2W-61
West Palm Beach, FL 33411-2741

Lè operasyon yo

Lendi jiska Vandredi
8:00 a.m. to 5:00 p.m.
(Eksepte jou ferye)

**Pou Plent Kontraktè yo
Rele nou nan:**

TEL: (561) 233-5525
Email: PZB-INVESTIGATIONS@pbc.gov

www.pbc.gov/pzb



APRIL 2025



**Yon gid pou sètifye
kontraktè konstriksyon
yo nan Konte Palm Beach**



SÈTIFIKASYON POU KONSTRIKSYON

Konte Palm Beach pran angajman pou l pwoteje rezidan li yo kont kontraktè ki pa kalifye yo. Yon Sètifikasyon Komisyon Lisans Endistri Konstriksyon Konte Palm Beach (CILB/PBC) oswa yon sètifikasyon eta apwopriye obligatwa.

Sètifikasyon pwoteje konsomatè yo lè li asire ke kontraktè yo gen konpetans teknik, estabilite komèsyal, ak konesans pou fè travay yo sètifye pou yo fè a.

CILB/PBC sètifye ak kontwole apeprè 50 kategori nan endistri konstriksyon an.

Dapre lalwa, yon moun dwe sètifye pou w gen kontra nan yon komès reglemante.

PWOSESIS SÈTIFIKASYON

Pou vin sètifye nan youn oswa plis nan 50 komès reglemante yo, yon aplikasyon dwe fèt nan CILB/PBC, ki chita nan **2300 North Jog Road, Suite 2W-61, West Palm Beach, FL 33411-2741**. Tanpri kontakte biwo a pou dat limit espesifik yo.

Aplikan yo dwe satisfè sèten kritè, tankou eksperyans travay ki verifye, epi yo dwe gen bon kredi ak responsablite finansyèl.

Kondisyon pou fè aplikasyon ak frè yo varye selon kategori sètifikasyon an.

Yon fwa CILB/PBC apwouve, aplikan an elijib pou pran yon egzamen konpetans. Kou espesifik yo disponib pou sè

RESIPWOSITE AK RENOUVÈLMAN

Resipwosite

Konte Palm Beach gen resipwosite ak plis pase 50 lòt vil ak konte ki nan Eta Florida.

Moun ki sètifye nan lòt vil oswa konte nan Eta Florida ki gen yon akò resipwòk alekri ak Konte Palm Beach elijib pou sètifikasyon isit la, depi yo ranpli kondisyon minimòm Konte a.

Renouvèlman

CILB/PBC egzije pou kontraktè yo renouvle sètifika yo chak dezan. Prèk asirans responsablite jeneral, konpansasyon travayè oswa yon egzansyon, yon kosyon garanti, ak yon resi taks komèsyal lokal yo nesesè pou kenbe sètifikasyon ak opere yon biznis konstriksyon.

